# BASLAWÍSh MEKTEP JASÍNDAǴÍ BALALARDA LOGIKALÍQ OQÍW ISKERLIGIN QÁLIPLESTIRIW

**Saytbekova Svetlana Saylaubaevna** – *pedagogika ilimleriniń kandidatı, docent*
lana2676@umail.uz
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# ФОРМИРОВАНИЕ ЛОГИЧЕСКОЙ УЧЕБНОЙ ДЕЯТЕЛЬНОСТИ У ДЕТЕЙ НАЧАЛЬНОГО ШКОЛЬНОГО ВОЗРАСТА

**Сайтбекова Светлана Сайлаубаевна** – *кандидат педагогических наук, доцент*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# FORMATION OF THE LOGICAL LEARNING ACTIVITY IN PRIMARY SCHOOL CHILDREN

**Saytbekova Svetlana Saylaubaevna** – *Candidate of Pedagogical Sciences, Associate Professor*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so‘zlar:** boshlang‘ich sinf o‘quvchilari, jarayon, bilim, malaka, harakat, maqsad, qobiliyat, motiv, ijodkorlik, mantiq, tasnif, nazorat, fikrlash, o‘yin.

**Rezyume.** Maqolada boshlang‘ich sinf o‘quvchilarining ijtimoiy tajribani ongli va faol egallash orqali o‘z-o‘zini rivojlantirish va o‘z-o‘zini takomillashtirish qobiliyatini rivojlantirish uchun universal o‘quv faoliyatini o‘zlashtirish ko‘rib chiqiladi. Bu yerda mantiqiy o‘quv faoliyatini o‘rganish, yangi bilim, ko‘nikma va malakalarni muvaffaqiyatli egallashning asosini tashkil qiladi. Mantiqiy universal ta’lim faoliyati boshlang‘ich sinf o‘quvchilarining o‘quv faoliyatining rivojlanishiga va umumiy kognitiv rivojlanishiga sezilarli ta’sir ko‘rsatadi.

**Ключевые слова:** младшие школьники, процесс, знания, умения, действия, цель, способности, мотивы, творчество, логика, классификация, контроль, мышление, игра.

**Резюме.** В статье рассматривается овладение обучающимися начальных классов универсальными учебными действиями для формировании способности к саморазвитию и самосовершенствованию путем сознательного и активного присвоения социального опыта, где логические учебные действия являются основой умения учиться, успешного усвоения новых знаний, умений и навыков. Логические универсальные учебные действия оказывают огромное влияние на формирование учебно-познавательной деятельности младших школьников и познавательное развитие в целом.

**Key words**: primary schoolchildren, process, knowledge, skills, actions, goal, abilities, motives, creativity, logic, classification, control, thinking, game.

**Summary.** This article examines the mastery of universal learning activities by primary school students to develop their capacity for self-development and self-improvement through the conscious and active acquisition of social experience. Logical learning activities form the foundation of learning and the successful acquisition of new knowledge, skills, and abilities. Logical universal learning activities have a significant impact on the development of primary school students' learning and cognitive performance and overall cognitive development.

**Kirisiw.** Házirgi rawajlanıw dáwirinde mámleketimiz jas áwladqa bilim beriwde oqıtıwdıń zamanagóy metodlarınan paydalanıwdı óz aldına maqset etip qoymaqta.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoyev: “Biz balanı onıń qálew hám mútajliklerine sáykes keletuǵın tárizde oqıtıwımız kerek”, dedi [1]. Baslawısh mektep bilimlendiriwi balanıń ózligin qáliplestiriw, onıń kognitiv qábiletlerin rawajlandırıw hám keyingi tálim basqıshına tayarlawda tiykarǵı rol oynaydı.

Bul mektep táliminiń birinshi basqıshı bolıp, ol jaǵdayda balalar átirapdaǵı dúnya haqqında birinshi bilimlerdi aladı, basqa adamlar menen ushırasıwdı úyrenedi hám óz-ózin tárbiyalaw kónlikpelerin rawajlandıradı.

**Tiykarǵı bólim.** “Oqıwda úyreniw” wazıypasınıń sheshimin tabıw XX ásirdiń ekinshi yarımında ilimpazlar A.V.Usova [2], N.A.Loshkareva [3], V.F.Palamarchukler [4] ulıwma oqıw kónlikpesin qáliplestiriw arqalı qarastırdı.

Mısalı, A.V.Usova tómendegishe bólip qaraydı: − biliw (oqıw hám ilimiy-kópshilik ádebiyatlar menen islew; baqlaw ótkeriw, gipotezalardı usınıw, eksperimentti ózbetinshe qoyıw hám onıń nátiyjelerin túsindiriw hám t.b.) – informaciyanıń hár qıylı derekleri menen islese biliw uqıbı (kitaplar menen, tábiyat hám jámiyettegi hádiyseler menen, eksperiment penen); − ámeliy (esaplaw, ólshew, grafiklerdi oqıw hám jasaw, laboratoriya ásbap-úskeneleri menen islew, logikalıq máselelerdiń sheshimin tabıw hám basqa) – birinshi gruppanı konkretlestiriwshi konlikpeler; − shólkemlestiriw (jumıstı jobalastırıw hám iskerlikti shólkemlestiriw); − ózin-ózi qadaǵalaw hám bahalaw (jumıstı usınıs etilgen yaki óz betinshe anıqlanǵan kriteriyalar boyınsha bahalaw) [2].

Izertlewshi S.G.Vorovshikov korrektli bolǵan klassifikaciyanı usınadı – oqıwdı basqarıw – konlikpeler, bul oqıwshılardıń óz oqıw iskerliklerin jobalastırıwdı, shólkemlestiriwdi, qadaǵalaw hám tártiplestiriwdi (korrekciyalaw), analizlewdi támiyinleydi. Ózbetinshe oqıw iskerliginiń barlıq basqıshları:

– oqıw wazıypalarıń motivaciyalıq túsiniwdi, oqıw iskerligin onıń sheshimin tabıw boyınsha orınlawda, iskerlikti ózi qadaǵalaw hám bahalawdı támiyinleydi;

– oqıw informaciyalıq – konlikpeler, olar oqıw wazıypaların sheshiw ushın bilimler, informaciyalardı tabıw, qayta islew hám qollanıw;

– oqıw-logikalıq konlikpeler, oqıw wazıypaların (oylaw túri boyınsha: tásir etiwshi, obrazlı hám logikalıq) belgilew hám sheshimin tabıwdıń ayqın strukturasın támiyinleydi [5].

UOI (universal oqıw iskerligi) túsinigi mánisi boyınsha didaktikada qabıl etilgen “ulıwma oqıw konlikpeleri” termininiń mańis sheńberin keńeytedi, biliw, regulyativ hám kommunikativ tarawlar ulıwma konlikpelerin

tarqatadı, oqıwdıń, ózara háreket konlikpesin támiyinleydi. Oqıwshınıń joqarı psixikalıq funkciyaları: yad, dıqqat, oylaw, elesletiw, sóylewler universal oqıw iskerlikleriniń qáliplesiwiniń tiykarında turadı. Biliw procesi maǵlıwmatları usı jasta ózbetinshelikke iye boladı. Oqıw iskerliginiń qáliplesiwi kórgen hám esitkenlerin yadında saqlaw imkanın beredi, qabıl etilgeninen sırtta bolǵan jańa obrazlardı kóz aldına keltiredi, jańa túsiniklerdi analizleydi, salıstıradı, qáliplestiredi. Ulıwma kishi mektep jasında biliwiniń rawajlanıw ózgesheligin qarap shıǵıw zárúr boladı, sebebi, ol universal oqıw iskerlikleriniń qáliplesiwi ushın baza bolıp tabıladı.

Izertlewshi N.I.Vornovskayanıń pikiri boyınsha, kishi mektep jasında kognitiv rawajlanıwdıń ózgesheligi sonnan ibarat, biliw procesleri oqıtıwshınıń qadaǵalawında boladı hám oqıwshınıń ózin-ózi qadaǵalawı belgili bir biliw iskerlikleriniń tiykarında ámelge asırıladı, hám oqıtıwshı qadaǵalawınıń úlesi kem-kemnen kemeyip barıp, oqıwshınıń ózin-ózi qadaǵalawınıń úlesiniń artıwın támiyinleydi [6].

Tómendegi ózgeshelikler kishi mektep jası balalarında qabıl etiwdiń rawajlanıwında anıqlanadı: Baqlawdıń perceptiv iskerlik oqıwshılarda sabaqlar waqtında oqıw iskerliginde qáliplesedi. Ol yaki bul qabıl etetuǵın obyekttiń ózgesheliklerin bilip alıw wazıypası kóbinese balalardıń aldında turadı, baqlawdıń tásilleri beriledi, anıqlanǵan qásiyetlerdi súwretlew forması súwret, sxemalar yaki sózler kórinisinde usınıladı. Jáne de, oqıwshılarǵa arnawlı tapsırmalar berilip, olar obyektler hám predmetlerdi qabıl etiwdi rawajlandırıwǵa hám hár qıylı obrazlardı qabıl etiwdi salıstırıw, olardı analizlew imkanın beredi. Usınıń aqıbetinde kishi mektep jası oqıwshısı baqlaw obyektin maqsetli úyreniw hám basqıshpa-basqısh izertlewge úyrenedi, ol baqlaw uqıbına iye boladı, biraq baqlaw ele oqıtıwshı tárepinen qadaǵalawdıń tásiri astında boladı. Qabıl etiwdiń rawajlanıwı baqlaw uqıbı hám obyektlerdiń belgilerin ajıratıw, analiz alıp barıw, jáne de biliw usılların alıp barıw uqıbı sıyaqlı biliw iskerlikleriniń rawajlanıwın támiyinleydi.

B.S.Volkov pikiri boyınsha, tómendegi ózgeshelikler dıqqattıń rawajlanıwında kishi mektep jasında baqlanadı. Eń aldı menen, dıqqattıń barlıq qásiyetleri rawajlanadı, olardıń arasında dıqqattıń erkinliginiń artıwı aytarlıqtay xarakterlli ózgesheligi bolıp tabıladı. Kishi mektep jas oqıwshısında sabaq waqtında udayı oǵan qızıqlı hám tartımlı bolmaǵan obyektlerge dıqqatın jámlewge tuwra keledi, hám bul dıqqattıń erkin rawajlanıwın stimullastıradı. Erkin dıqqattıń turaqlılıǵı oqıw maqsetleri hám wazıypalarınıń, qanshelli ayqın hám anıq qoyılıwına baylanıslı. Erkin dıqqattıń rawajlanıwınıń jasqa qarata ózgesheliklerin, onı uzaq waqıt dawamında saqlap turıwdıń qıyınshılıǵın esapqa alǵan halda, oqıtıwshı tárepinen erkin dıqqattı aktivlestiriwshi elementler sabaq waqtında turaqlı túrde qollanıladı.

Bular kórgizbelilik, kerekli detallardı ashıq reńler menen ajıratıp kórsetiw, dawıs intonaciya hám tempin ózgertiw, jumıs forması hám metodikalıq tásillerdi ózgertiw, jarıs hám oyın momentlerin qollanıw bolıp tabıladı [7]. Obyektlerdiń ózgesheliklerin analizlew hám anıqlastırıw, informaciyalardı tekseriw hám qayta tiklew, bilimlerdi strukturalastırıw, barlıq logikalıq iskerliklerdi orınlaw sıyaqlı biliw iskerlikleriniń hám basqa kishi mektep jası oqıwshısı dıqqatında roli úlken boladı.

Hár qanday iskerlik maqsetine iye boladı. Oyınnıń maqseti qanday? Bir qaraǵanda ol “maqsetsiz”: Hár qanday iskerlik maqsetine iye boladı. Oyınnın maqseti qanday? Bir qaraǵanda ol “maqsetsiz”: balalar sekiredi, juwıradı, biraq baslawısh klass oqıwshıları ushın oyınnıń maqseti balanıń tábiyiy hám qızıǵıwshılıq penen rawajlanıwına járdem beriw. Balalar oyın arqalı bilimlerdi ańsat ózlestiredi, pikirlewge, basqalar menen pikirlesiwge, baslama hám dóretiwshilik kórsetiwge úyrenedi. Oyın bilim alıw procesin túsinikli, qızıqlı etedi hám balaǵa jámáátte ózin isenimli seziwge járdem beredi. Al oyın iskerliginiń mazmunı neden ibarat? Oyın bala ereseklik turmısqa tayarlanıw ushın misli tábiyat tárepinen berilgendey túyiledi.

Biz iskerlik haqqında sóz etkenimizde onıń procesi haqqında aytamız. Eger basqa qálegen, oyın emes iskerlik eń aldı menen maqseti, nátiyjesi áhmiyetli bolsa, al oyında bolsa tiykarınan process áhmiyetli, sebebi, oyında kózge kórinip turǵan maqset misli joqtay. Áyne oyın procesiniń ózine degen qızıgıwshılıq oyınnıń sozılıwına imkan beretuǵın háreketke keltiriwshi kúshi bolıp tabıladı.

Hár qanday iskerlik ózi-ózinen háreket sıpatında bolıp ótiwi múmkin. Al oyın bolsa udayı ózi-ózinen háreket bolıp tabıladı. Mısalı, hám quwanıshlı tuyǵılar, hám jaqtırmastan miynet etiw múmkin. Oyın qanaatlanıwshılıq almaǵan halda ótiwi múmkin emes.

Oyın oǵan qatnasıwshılar ushın udayı quwanıshlı. Eger oyında jaǵımsız emociya júzege kelse, onda ol toqtatıladı, úzilip qaladı.

Aytıp ótilgenindey-aq, oyın – motivi nátiyjesinde emes, al procestiń ózinde bolǵan iskerlik túri. Oyın bala ushın ózin-ózi kórsetiw hám ózin-ózi ańlatıw quralı. Ol, oǵan balanıń shegaralanǵan áleminen sırtqa shıǵıw hám óziniń menshikli álemin jaratıw imkanın beredi. Oyın balaǵa emocional baxıt-saadat baǵıshlaydı, júdá kóp túrli umtılıwshılıq hám tileklerin, ásirese, eresekler sıyaqlı háreket etiw, predmetlerdi basqarıw tilegin ámelge asırıw imkanın beredi.

Elesletiw, dıqqat, obrazlı oylaw uqıpları oyında rawajlanadı.

Bul bala oyında qorshaǵan reallıqtıń, onıń menshikli ámeliw iskerliginiń shegarasınan shıǵıp ketetuǵın keń sferaların jaratıwǵa umtılıwı ámelge asıwı menen bolıp ótedi, al bunı shártli háreketler járdeminde islew múmkin boladı.

Bala erkin ózin uslap-tutıwdıń tájiriybesin de, ózin basqarıwdı uyreniwdi oyında aladı, bunda oyın qádelerin, birgeliktegi oyındı óziniń tikkeley quwatlaw arqalı saqlaydı.

**Juwmaq.** Solay etip, biz aytıp ótilgenlerdi ulıwmalastıra otırıp, kishi mektep jasında logikalıq universal oqıw iskerlikleri qáliplesiwi ushın aytarlıqtay unamlı sharayatlar jaratıladı degen juwmaqqa keliwimiz múmkin, sebebi, iskerliktiń barlıq túri, sonnan oqıw iskerligi usı jasta biliw salasınıń oyın arqalı rawajlanıwın támiyinleydi. Barlıq biliw psixikalıq procesleri erkin sıpatqa iye boladı, quramalasadı hám bayıp baradı. Barlıq biliw proceslerin ózbetinshe basqarıw usıllar kishi mektep jası oqıwshılarında qáliplesedi, iskerliktiń analitikalıq-sintetikalıq tipi, biliw universal oqıw iskerlikleriniń qáliplesiwinde áhmiyetli shártler bolatuǵın modellestiriw iskerligi intellektual rawajlanıwda aktiv qáliplesedi.

**Ádebiyatlar**

1. Mirziyoyev Sh.M. Tanqidiy tahlil, qathiy tartib-intizom va shaxsiy javobgarlik – har bir rahbar faoliyatining kundalik qoidasi bo‘lishi kerak. O‘zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining 2016-yil yakunlari va 2017-yil istiqbollariga bag‘ishlangan majlisdagi O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining nutqi. / Xalq so‘zi gazetasi. 2017-yil 16-yanvar, №11.

2. Усова А.В. Формирование у учащихся учебных умений [Текст] / А.В. Усова, А.А. Бобров. – Москва: «Знание», 2012.

3. Лошкарева Н.А. Развитие общих учебных умений и навыков школьников. // Воспитание школьников. 1984. №4. – С.64-66.

4. Паламарчук В.Ф. Школа учит мыслить. – Москва: «Просвещение», 1987.

5. Воровщиков С.Г. Классификация общеучебных умений младших школьников. // Управление начальной школой: качественное образование с первой ступени: // МЦФЭР. 2012. № 5. – С. 33-40.

6. Ворновская Н.И. Формирование познавательных интересов младших школьников. На материале историко-культурного краеведения [Текст]: автореферат дисс. канд. пед. Наук. – Калининград: 2003.

7. Волков Б.С. Психология младшего школьника. – Москва: Педагогическое общество России, 2010.